Kubhabhatidzwa Uye Ushamwari Hwako naMwari (Chikamu 3)

Nyaya ino yakatorwa muchitsauko 18 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* rinowanikawo pajw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda uye kuti nei uchizvitenda, uye ongororawo kuti Bhaibheri rinodzidzisei, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.

KUTI MUKRISTU AZOBHABHATIDZWA, CHII CHAANOFANIRA KUITA?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Vamwe vanhu vangati kudii?

Ko *iwe* unotiwo chii?

Nei uchidaro?

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 TARISA UONE ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Pashure pekunge azvitsaurira kuna Mwari, muKristu anofanira kushanda nesimba kuti amufadze.
(Ona chitsauko 18 chebhuku *raBhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?*, pandima 17-19.)

Verenga Muparidzi 5:4; VaKorose 1:10.
MuKristu anofanira kuitei paanenge azvitsaurira kuna Mwari?

Verenga Zvirevo 3:5, 6; Isaya 41:10.
Chii chinoita kuti vaKristu vanonyatsoda Mwari vave nechivimbo chekuti vanokwanisa kuzoita zvinoenderana nekuzvitsaurira kwavakaita?

Munhu paanobhabhatidzwa, anonyudzwa mumvura uye obva abudiswa. Kunyudzwa mumvura kunoratidza kuti munhu haachararami sezvaaimboita kare uye kubudiswa mumvura kunoratidza kuti munhu ava kurarama achiita zvinodiwa naMwari

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Kubhabhatidzwa chiratidzo chekuti wakazvitsaurira kuna Mwari.

(Ona chitsauko 18 chebhuku ra*Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?,* pandima 20-25.)

Verenga VaRoma 10:10.

Nei vaKristu vachifanira kuzivisa pachena kuti vakazvitsaurira?

Verenga Pisarema 25:14.

Kuzvitsaurira nekubhabhatidzwa zvichakubatsira sei?

Unofunga kuti nei Jehovha akakodzera kuti tizvipire kwaari nemweya wedu wese? Nyora zvikonzero.

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Kubhabhatidzwa kuzviomesera nekuti unozozvidavirira pazvisarudzo zvaunoita.

UNOGONA KUTI . . .

Ndizvo hazvo kuti kubhabhatidzwa kunoita kuti uite zvinhu wambofunga, asi ndinotoona kuti izvozvo zvakanaka nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

KANA MUMWE MUNHU AKATI . . .

Kubhabhatidzwa hakusiriko kunoita kuti uponeswe.

UNOGONA KUTI . . .

Ndizvozvo, kubhabhatidzwa hakurevi kuti uchatoponeswa. Asi ndinoziva kuti kubhabhatidzwa kunokosha nekuti . . .

_____

_____

Ungamuverengera vhesi ipi?

_____

Uchifunga nezvemaonero ake, ungamubatsira sei uchishandisa vhesi iyi kuti anzwisise nyaya yacho?

_____

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania